



Board Members

Troy Ingersoll, Chairman
 Dr. Donna Mills, Vice Chairman
 Debbie Hawley
 Kathryn Hensley
 Carol A. Hilson

Superintendent

E. Wayne Gent

Each Child, Every Day

Chè Paran/Gadyen.

Bi lèt sa a se pou enfòmasyon w elèv ou a pral pran sou òdinatè "Florida Standards Assessments (FSA)" (Evalyasyon Estanda Florid) Grade 4, 5 "ELA Writing nan dat February, 28, 2017. Elèv ou a ap gen yon opòtinite pou patisipe nan yon egzamen pratik pou l vin abitye avèk platfòm egzamen ki baze sou òdinatè. Kalite kesyon ak fòm repons l ap gen pou l wè pandan evalyasyon FSA yo. Si oumenm oubyen elèv ou a ta renmen revize egzamen pratik sou òdinatè a lakay, egzamen pratik ak repons yo disponib nan <http://www.fsassessments.org/students-and-families/practice-tests/>.

Pou enfòmasyon konsènan longè sesyon egzamen pou tout evalyasyon FSA Prentan 2017 yo, silvoulè vizite Pòtal FSA a nan www.fsassessments.org, klike sou senbòl "Students and Families" (Elèv ak Fanmi), epi chwazi "Spring 2017 Testing Times" (Lè Egzamen Prentan 2017) yo.

Silvoulè revize règ k ap suiv yo avèk elèv ou a anvan egzamen an:

- **Aparèy Elektwonik**—Yo pa pèmèt elèv sèvi avèk okenn aparèy elektwonik ki gen ladan, men ki pa limite a, telefòn pòtab, telefòn "smart", ak mont "smart", nan kèlkeswa moman pandan egzamen an **oubyen** pandan poz (egz. ale nan twalèt). **menmlè yo fèmen yo oubyen elèv pa itilize yo.** Si yo jwenn elèv ou a avèk yon aparèy elektwonik, y ap anile egzamen li a.
- **Deklarasyon Konpreyansyon Règleman pou Egzamen an**—fout egzamen FSA yo gen ladan yon Deklarasyon Konpreyansyon sou Règleman Egzamen an ki di: "Mwen konprann règleman egzamen yo fèk li pou mwen yo. Si mwen pa suiv règleman sa yo, yo ka anile nòt mwen pou egzamen an." Anvan yo bay egzamen an, moun ki ap administre egzamen an ap li règleman yo pou elèv yo, e elèv yo dwe fè konnen yo konprann règleman egzamen an nan siyen anba deklarasyon sou fèyè planifikasyon yo, fèyè travay yo, oubyen katab travay yo.
- **Diskite Kontni Egzamen an Aprè Egzamen**—Dènye pòsyon règleman pou egzamen yo li pou elèv yo anvan yo siyen anba Deklarasyon Konpreyansyon Règleman pou Egzamen an di: "Akoz sekirite kontni tout evalyasyon atravè eta a, ou pa dwe diskite oubyen devwalè detay konsènan tèks oubyen kesyon aprè egzamen an. Sa gen ladan nenpòt kalite komunikasyon elektwonik, tankou "texting" (voje tèks), lèt elektwonik, oubyen poste enfòmasyon sou Entènèt, pa egzamp, sou sit Entènèt tankou "Facebook," "Twitter," oubyen "Instagram." Silvoulè asire w elèv ou a konprann, "diskite" kontni egzamen yo gen ladan nenpòt kalite komunikasyon elektwonik, tankou voje tèks, lèt elektwonik, oubyen poste enfòmasyon sou "blogs" oubyen sit Entènèt medya sosyal yo. **Menmlè elèv pa dwe pataje enfòmasyon sou kontni egzamen ki sekirize aprè egzamen, règ sa a pa fèt pou anpeche elèv diskite eksperyans yo fè nan egzamen yo avèk paran/fanmi yo.**
- **Travay Endepandan**—Elèv yo responsab pou fè pwòp travay yo pandan egzamen an e pou yo pwoteje repons yo pou lòt moun pa wè yo. Si yo jwenn elèv ap triche pandan egzamen, yo ap anile egzamen yo a. Anplis, "Florida Department of Education (FDOE)" (Depatman Edikasyon Florid) anplwaye yon konpayi sekirite egzamen, "Caveon Test Security" (Sekirite Egzamen Caveon), pou analize rezilta egzamen elèv yo pou detekte modèl repons ki parèt etranj tèmman yo sanble. Yo ap anile rezilta elèv nan yon lekòl yo jwenn avèk modèl repons ki ekstrèmman sanble.
- **Kite Kanpous la**—Si elèv ou a kòmanse yon sesyon egzamen e kite kanpous la anvan li fini l (pou repa midi, yon randevou, oubyen maladi eks.), yo **pap** kite l retounen nan sesyon egzamen sa a. Si elèv ou a pa santi l byen jou egzamen an, li ka pi bon pou l tann e pran egzamen an nan yon jou ratrapaj. Silvoulè sonje pou w pa pran randevou nan jou egzamen yo.
- **Akomodasyon pou Egzamen**—Si elèv ou a gen yon "Individual Education Plan (IEP)" (Plan Edikasyon Endividyèl), plan Seksyon 504, oubyen plan "English Language Learner (ELL)" (Moun ki Ap Aprann Lang Anglè), silvoulè kontakte lekòl la pou diskite akomodasyon pou egzamen yo pral bay elèv ou a.

Si w gen nenpòt kesyon ki gen rapò ak administrasyon egzamen sa a, ou ka kontakte Terri Campbell nan 772-530-4522. Pou plis enfòmasyon konsènan pwogram FSA a, silvoulè vizite Pòtal FSA a nan www.FSAssessments.org.

Mèsi dèske w sipòte e ankouraje elèv ou a pou li fè maksimòm efò pandan administrasyon egzamen sa a.

Sensèman,

R. Craig Logue

Mariposa Elementary School

2620 S.E. Mariposa Avenue, Port St. Lucie, Florida 34952

772.337.5960 • Fax 772.337.5976

District-wide System Accreditation by AdvancED

The School Board of St. Lucie County is an Equal Opportunity Agency

